

Enfòmasyon pou Pwopriyetè Kay


Plon anpwazonnen timoun. Pifò timoun pran anpwazonnman plon nan pousyè plon ladan ak nan penti ki gen plon ladan epi ki nan ansyen kay yo. Antanke pwopriyetè kay, ou dwe pwoteje timoun kont anpwazonnman plon.

Lalwa sou Plon nan Massachusetts

Lalwa sou plon fè konnen pwopriyetè kay yo dwe retire oswa kouvri danje ki gen nan penti ki gen plon ladan epi ki nan kay ki te bati anvan 1978 si gen yon timoun ki poko gen 6 an ki abite nan kay la. Danje ki gen nan penti ki gen plon ladan yo se penti kap dekale ak penti ki gen plon ladan yo ki nan fenèt ak lòt kote timoun ka rive.

Sèl jan pou konnen si w gen plon lakay ou se pou w fè yon enspektè ki gen lisans fè yon tès. Ale nan www.mass.gov/dph/clppp pou w ka jwenn yon enspektè ki gen lisans pou plon tou pre lakay ou.

Si gen plon lakay ou, ou dwe retire li oswa kouvri li. Gen fason diferan pou fè sa. Rele CLPPP pou w ka aprann plis enfòmasyon toujou. <http://tinyurl.com/maleadinfo>



Kiyès k kapab retire oswa kouvri plon?

Yo rele retire oswa kouvri plon eliminén plon. Gen kèk travay se yon moun ki gen lisans pou retire plon ki dwe fè yo, men ou kapab fè pifò travay pou retire plon an poukout ou si w gen fòmasyon pou sa ak si w gen otorizasyon pou sa. Ou kapab bezwen ede lokatè yo jwenn yon kote pou yo rete (sou kont ou) jiskaske travay la fin fèt. Pou aprann plis enfòmasyon, rele CLPPP epi mande yon kopi Liv sou Kouman Pou Eliminen Plon an.



Apwopo lajan?

Gen lajan pou ede moun pwopriyetè kay peye pou retire plon nan kay. Ankouraje moun pwopriyetè kay yo rele pwogram Call the Get the Lead Out la (Rele pou yo Retire Plon) nan (617) 854-1000.

Pwopriyetè kay yo kalifye pou kredi ki kapab rive jiska \$3,000 sou enpo sou revni (state income tax) yo nan eta kote yo rete si yo eliminén plon lakay yo.
<http://tinyurl.com/malead-financial-help>


Anvan ou lwe oswa vann kay ou

You Sa w dwe konnen: Avi pou Lokatè ak Sètifikasyon

Lè w lwe yon kay ki te bati anvan 1978, ou dwe bay lokatè yo papye sa yo anvan yo siyen yon kontra lwave, menm si yo pa gen timoun:

Avi konsènan Lalwa sou Plon ak Fòm pou Sètifikasyon pou Lokatè

- Yon kopi rapò sou enspeksyon ki pi resan ki te fèt pou plon, si li egziste
- Yon kopi nenpòt Lèt ki Fè Konnen ou Obsève Prensip yo oswa Lèt pou Kontwòl Tanporè, si li egziste
- Nenpòt enfòmasyon sou plon ki genyen anndan kay la.



Avi konsènan Penti ki Gen Plon Ladan pou Transfè Pwopriyete

Lè w se yon achtè ki pral achtè yon kay ki te bati anvan 1978, ou dwe ba yo:

- Fom Avi konsènan Penti ki Gen Plon Ladan pou Transfè Pwopriyete
- Yon Fòm Sètifikasyon ki Siyen konsènan Penti ki gen Plon Ladan pou Transfè Pwopriyete
- Nenpòt enfòmasyon sou plon ki genyen nan kay la
- Yon kopi nenpòt rapò sou enspeksyon ki te fèt pou plon, Lèt ki Fè Konnen ou Obsève Prensip yo, oswa Lèt pou Kontwòl Tanporè
- Yon peryòd 10 jou pou fè enspeksyon nan kay la pou plon, sou kont achtè a, anvan ou achtè oswa vann pwopriyete a.

Wap Jwenn tout fòm pou Avi ak Sètifikasyon yo nan www.mass.gov/dph/clppp

Sanksyon ak Responsablite

Ou pa kapab mete yon moun deyò nan yon kay oswa refize lwe yon moun kay poutèt penti ki gen plon ladan. Sa se diskriminasyon. Li ilegal. Pi bon pwoteksyon ou genyen pou w pa pote responsablite a se pou w respekte Lalwa sou Plon an Si w pa respekte lalwa, yo kapab pran sanksyon sivil ak kriminèl kont oumenm.

CLPP (Childhood Lead Poisoning Prevention Program
[Pwogram pou Prevansyon Anpwazonnman Plon pandan Anfans]
Rele nimewo telefòn kote yo bay enfòmasyon gratis la: 1 (800) 532-9571
Sou entènèt la, nan: www.mass.gov/dph/clppp

Massachusetts Department of Public Health
Bureau of Environmental Health
[Depatman Lasante Piblik nan Massachusetts
Biwo pou Lasante Anviwonmantal]

Haitian Creole 2015

